



Nyakanga 2023

kirundi

Rondera ibimenyetse vy'amahoro!

Kontakt:

Meinolf Wacker
Kirchplatz 7
59174 Kamen

Mobil.:

+49-172-5638432

Mail:

meinolf.wacker@go4peace.eu

Homepage

www.go4peace.eu

Ndabahaye amahoro yanje! *(Mariko 4,9)*

Bakunzi ba go4peace,

Burya iyo umuntu yagukomerekeje ku mutima, ugaheza ukiruhutsa cane incuro zitatu, canke ukarara urabizirikana, usanga ibintu vyahindutse ukundi. Nayo iyo nciye nkariraho nk'umunyu, kenshi usanga ibintu nagize ntiyumviriye vyonyonye ibitari bike, ibintu bikadabuka.

Ukwo kwiruhutsa cane gutuma umuntu atekana, hamyuma agatandukanya neza yitonze icatsi n'ururo. Burya niko n'ukwiruhutsa kw'Imana kumeze. Niho nagiye numva umusi umwe ku kwiruhutsa kwanje, ukwiruhutsa kw'Imana kunjemwo, ntegera ko ari Mutima Mweranda yariko arakora muri jewe. Muri ico gihe aba ari muri jewe, akanshigikira n'ivyiyumviro vy'ituze be n'ibimenyetso vy'amahoro mu mutima wanjye. Niho rero haca haba ivyo Yezu yavuze ati : „ndabasigaranye amahoro, ndabahaye amahoro yanje“.

Umusi umwe, narigeze gukomeretsa umugenzi wanjye mu mutima kubera ibintu nakoze ihutihuti ntiyumviriye neza. N'aho yaciye avuga adatevye kw'iterefone ati:“urambabarira“, nta n'ivyo numvirije. Naciye mpararika ico kiganiro. Nariyumvisemwo nanje ko ukwo kumubabaza kundemereye. Naciye ntangura kumucira urubanza. Vyaguma binkwegera mu mwijima. Naguma ngerageza kwikurako ivyo vvyiyumviro bibi, ariko vyangumamwo. Niho nasaba Yezu mu gisabisho c'inguvu ngo abinkuremwo. Niho nibuka uwundi mugenzi yari yaransavye kumuyagira ivyerekeye ingene ikoraniro ryagenze. Kugira numve ko nokwinjira mu bintu vyiza, niyambure vya vvyiyumviro bibi, niho namuterefona. Niho nigira imigambi yo kumusigurira ido n'ido ingene iryo koraniro ryagenze, nihatira kutazura akaboze, ariko nserura cane cane ivyagenze neza. Niho rero havuyuka ikiyago kirekire kandi ciza c'umuvukano. Aho dusezeraniye, narumva vy'ukuri amahoro y'ukuri mu mutima. – **Rondera ibimenyetso vy'amahoro!**

Ku bwa go4peace-Team

Meinolf Wacker